

## 4yèm Amannman:

### Estanda ki Gouvènè Elijibilite pou Vote apre yon Kondanasyon pou Krim

#### Ki lwa ki kontwole si yon moun kalifye pou yo retabli dwa l pou vote?

W ap jwenn kondisyon yo pou yon moun kalifye pou yo retabli dwa l pou vote nan Konstitisyon Florid la ak nan Lwa Florid yo. Gade pi prezizeman, seksyon 4, [Atik 6, Konst. Fl.](#), ak seksyon [98.0751](#), Lwa Fl.

#### Ki nòm ki kontwole si yon moun kalifye pou l vote apre yon kondanasyon pou krim?

- Yon kondanasyon pou krim an Florid pou asasina oswa pou yon ofans seksyèl fè yon moun pa elijib pou vote an Florid sòf si ak jiskaske [Konsèy Klemans Eta a retabli](#) dwa moun nan genyen pou l vote.
- Pou nenpòt ki lòt kondanasyon pou krim an Florid, yon moun kalifye pou enskri epi vote si moun nan fin pije tout kondisyon yo nan santans li an. *Finisman santans la vle di:*
  - Tan nan prizon;
  - Libète sou kondisyon, pwobasyon, oswa lòt fòm sipèvizyon; ak
  - Peman montan total tout amann, frè, depans, ak restitasyon yo te òdone kòm pati nan santans pou krim nan.

*Atansyon: Yon lòt opsyon moun sa a genyen se fè demann pou [Konsèy Klemans Eta a retabli](#) dwa l pou l vote.*

- Yon kondanasyon pou krim nan yon lòt eta fè yon moun pa elijib pou vote an Florid sèlman si kondanasyon an ta rann moun lan pa elijib pou vote nan eta kote yo te kondane moun lan.
- Yon ofans kote yo pa t jije yon moun koupab pa fè yon moun pa elijib pou vote.

- Yon kondanasyon pou deli pa fè yon moun pa elijib pou vote.

### **Kijan yon moun ki pa fin sèten si li dwe amann, frè, depans, ak restitasyon ka jwenn enfòmasyon sa yo?**

Toudabò, fòk moun nan gade nan jijman an(yo) ak santans la(yo) pou konnen ki montan amann, frè, depans ak/oswa restitasyon yo te òdone kòm pati nan kondanasyon pou krim nan(yo). Dezyèmman, si yo te òdone yon montan, fòk moun nan chèche konnen ki kantite ki te peye ak si montan ki peye a egal oswa plis pase montan yo te òdone a. Moun nan kapab kontakte Grefye Tribinal la tou nan konte a oswa konte yo kote yo te kondane li an pou jwenn yon kopi jijman li an(yo) ak santans li a(yo). Grefye Tribinal la kapab ede moun nan tou pou li jwenn ki kantite ki te peye ak si montan ki peye a egal oswa plis pase montan total amann, frè, depans ak/oswa restitasyon yo te òdone yo. Biwo Avoka Piblik la oswa avoka prive ki te reprezante moun lan nan pwochè pou krim nan gen dwa kapab ede l jwenn enfòmasyon sa yo tou.

Si yon moun toujou pa fin sèten sou amann, frè, depans, ak restitasyon yo, ak konsekans yo sou retablisman dwa l pou l vote, moun nan ka mande avi konsiltatif Divizyon Eleksyon Florid la. Tanpri gade seksyon [106.23\(2\)](#), Lwa Florid, ak Kòd Administratif Florid [Règ 1S-2.010](#) pou konn kijan pou mande yon avi konsiltatif ak ki enfòmasyon y ap mande w.

Lè l ap bay avi konsiltatif, Divizyon an ap aplike nòm yo ki nan seksyon [98.075\(5\)](#), Lwa Florid, pou deside si yon kriminèl kalifye pou enskri oswa pou vote. Donk, si kriminèl la bay enfòmasyon yo te mande yo epi si Divizyon an konkli pa gen enfòmasyon yo kapab kwè ak fye ki endike kriminèl la pa kalifye pou vote, Divizyon an ap bay yon avi ki deklare kriminèl la kalifye.

**E si yon moun peye pou amann, frè, depans, ak restitasyon yon montan ki egal oswa plis pase montan yo te òdone nan santans pou krim nan, men li toujou gen yon balans avèk Grefye Tribinal la poutèt enterè oswa lòt montan yo mande l peye ki akimile apre santans la?**

Depatman an aplike “politik premye dola a” pou kalkile si yon moun satisfè pati amann, frè, depans ak restitasyon an nan santans pou krim li an.

Sa vle di menm si moun nan gen dwa toujou dwe Grefye Tribinal la oswa lòt moun, kalifikasyon li pou yo retabli dwa l pou vote selon 4yèm Amannman an ak seksyon [98.0751](#), Lwa Florid, ap baze sou èske moun nan peye yon montan ki egal oswa ki plis pase montan total amann, frè, depans ak restitasyon yo te òdone nan santans pou krim nan. Sa garanti kalifikasyon pou retabli dwa yo pa baze sou montan satisfèzan ki akimile apre santans la.

### **1ye egzanzp**

Tribinal la te òdone pou yon moun peye \$500 frè jistis kòm pati nan yon santans pou krim. Grefye a ajoute apre sa \$50 pou tabli yon plan peman. Moun nan peye \$500 nan dosye a sou frè jistis yo. Grefye a aplike \$50 nan \$500 yo pou frè plan peman an epi poutèt sa balans Grefye a montre toujou gen \$50 ki dwe sou frè jistis yo.

*Kesyon:* Èske moun sa a ap kalifye pou li enskri oswa pou li vote? *Repons:* Wi, paske moun nan te peye montan total yo te òdone nan dokiman yo pou santans la.

### **2yèm egzanzp**

Tribinal la te òdone pou yon moun peye \$500 amann kòm pati nan santans pou krim nan. Yon sèten tan apre sa, yo mande l peye yon frè siplemantè rekouvremant 30% ki se \$150 poutèt moun nan pa t peye amann nan anvan yon sèten peryòd. Lè sa a moun nan peye \$500 nan dosye a sou amann yo te òdone a. Grefye a oswa ajans rekouvremant an aplike \$150 nan \$500 yo sou frè siplemantè a. Poutèt sa, balans Grefye a montre \$150 ki dwe toujou sou amann nan.

*Kesyon:* Èske moun sa a ap kalifye pou li enskri oswa pou li vote? *Repons:* Wi, paske moun nan te peye montan total yo te òdone nan dokiman yo pou santans la.

[Atansyon: Egzanzp sa yo sipoze moun nan pa gen lòt kondanasyon pou krim ki poko rezoud ki lakòz yo pa retabli dwa l.]

## Èske gen lòt opsyon apa peye amann, frè, depans, ak restitasyon yo?

Yon moun gen opsyon tou pou li mande yon tribinal anile, si moun oswa antite li dwe a dakò, yon obligasyon finansye (sa vle di, amann, frè, depans, ak restitasyon), oswa konvèti obligasyon sa a an sèvis kominotè. *Gade seksyon [98.0751\(2\)\(a\)5.e., Lwa FI.](#)* Si konvèsyon an fèt, y ap jije moun nan fin pije santans la lè moun nan fini avèk sèvis kominotè a. Yon moun te mèt konsilte biwo Avoka Piblik la, biwo Avoka Eta a, oswa Tribinal Zòn nan konte kote yo te kondane li an pou konnen si gen yon dosye oswa pwogram espesyal k ap ede fasilite opsyon sa a. Yon moun gen dwa toujou chèche solisyon sa a poukont li.

## Nan ki pwen pwosè sou 4yèm Amanman an ye?

Dosye tribinal sou 4yèm Amanman an poko fin rezoud. Zafè a nan apèl kounye a nan Tribinal Dapèl 11<sup>yèm</sup> Sikwi a.

*Enfòmasyon jeneral: Apèl la baze sou yon desizyon nan Tribinal Distrik Federal la pou Distrik Nò Florid la nan Jones et al. kont. DeSantis et al.; Dosye Nim. 4:19cv300-RH/MJF. Tribinal Distrik Federal la te pran sèten desizyon sou kapasite yon moun pou li vote malgre amann ak restitasyon li poko peye si moun nan pa kapab peye, ak desizyon sou depans ak frè ki fè pati yon santans. Tribinal Dapèl 11yèm Sikwi an te bloke aplikasyon avi Tribinal Distrik la annatandan apèl la. Sa vle di desizyon Tribinal Distrik Federal la p ap antre an vigè pandan y ap fè apèl zafè a. Pleyan yo nan dosye a te mande Tribinal Siprèm Etazini an pou li anile sispanasyon an (sa vle di pou li kite desizyon Tribinal Distrik Federal la antre an vigè pandan apèl la). Yo te refize demann nan.*

Poutèt sa, seksyon 4, [Atik 6, Konst. FI.](#), ak seksyon [98.0751](#), Lwa FI. jan nou diskite sou yo pi wo a rete lwa ki kontwole si yon moun kalifye pou yo retabli dwa li yo.

Tanpri retounen pou gade si gen lòt mizajou.

## Ou gen lòt kesyon?

Ou te mèt kontakte Divizyon Eleksyon yo, Biwo Sèvis Enskripsyon Elektè a nan [BVRSHelp@DOS.MyFlorida.com](mailto:BVRSHelp@DOS.MyFlorida.com) oswa (850) 245-6290.